दिन—शनि दिनांक—28.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ राजस्थानक अजमेर सँ चौदह वर्षक बालिका सभक लेल ह्यूमन पैपिलोमा वायरस—एचपीवी टीकाकरणक राष्ट्रव्यापी अभियानक शुभारंभ कयलनि। एहि पहलक उद्देश्य सर्वाइकल कैंसरक रोकथाम करब अछि। जे महिला सभ मे कैंसर सँ संबंधित रूग्णताक प्रमुख कारण मे सँ एक अछि। देशभरि मे बालिका आ महिला सभक दीर्घकालिक स्वास्थ्यक सुरक्षाक दिशा मे ई एक महत्त्वपूर्ण डेग अछि। ओतहि, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय आईजीआईएमएस पटना मे एचपीवी टीकाकरणक प्रारंभ कयलनि।

---

राष्ट्रीय विज्ञान दिवस प्रतिवर्ष अट्ठाईस फरवरी कऽ महान भौतिक वैज्ञानिक सर सी. वी. रमन द्वारा रमन प्रभाव के खोजक उपलक्ष्य मे ई दिन मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन सोशल मीडिया संदेश मे कहलनि जे लोक आइ अनुसंधान, नवाचार आ वैज्ञानिक जिज्ञासाक भावनाक उत्सव मनौलनि अछि जे राष्ट्र के आगां बढबैत अछि। एम्हर, राजधानी पटनाक श्रीकृष्ण विज्ञान केन्द्र आ तारामंडल सहित प्रदेशभरि मे राष्ट्रीय विज्ञान दिवस पर कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे विभिन्न विकास कार्यक निरीक्षण कयलनि। श्री कुमार बांसघाट स्थित निर्माणाधीन विद्युत शवदाहगृह आ मंदिरी नाला परियोजनाक अंतर्गत निर्माणाधीन दू लेन संपर्क सड़कक निर्माण काजक जनतब लेलनि। ओ अधिकारी सभ के समय सीमाक भीतर एहि विकास योजना सभ के पूरा करबाक निर्देश देलनि।

---

पटना विश्वविद्यालय छात्रसंघ चुनावक अंतर्गत विभिन्न पदक लेल आइ मतदान संपन्न भऽ गेल। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी डॉक्टर शंकर कुमार जनौलनि जे शिल्प महाविद्यालय मे मतक गिनती जारी अछि। देर राति धरि परिणाम अयबाक संभावना अछि। ध्यातव्य अछि जे सेंट्रल पैनलक पाँच पदक लेल आइ विश्वविद्यालयक विभिन्न कॉलेज मे मतदानक प्रक्रिया पूरा कयल गेल।

———————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक भिन्न–भिन्न भाग मे बर्ड फ्लूक पुष्टिक बाद प्रशासन सतर्कता बढ़ा देलक अछि। पटनाक संजय गांधी जैविक उद्यान के तत्काल प्रभाव सँ सात मार्च धरिक लेल बंद कऽ देल गेल अछि। संगहि पटना नगर निगम क्षेत्र मे मुर्गी सभ के अनबा पर सेहो प्रतिबंध लगा देल गेल अछि। प्रभावित क्षेत्रक एक किलोमीटरक दायरा मे सेनेटाइजेशन के काज कयल जा रहल अछि। एम्हर, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय बर्ड फ्लू के लऽकऽ सेहो विभागीय तैयारीक समीक्षा कयलनि। ओ जनौलनि जे अस्पताल मे जाँचक व्यवस्था सुनिश्चित कयल गेल अछि आ आवश्यक दवाई उपलब्ध कराओल जा रहल अछि।

———————————————————————

देशक प्रथम राष्ट्रपति देशरत्न डॉक्टर राजेन्द्र प्रसाद के तिरसठिम पुण्यतिथि पर आइ हुनका श्रद्धापूर्वक स्मरण कयल गेल। एहि अवसर पर पटनाक बांसघाट स्थित हुनक समाधि स्थल महाप्रयाण घाट पर राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित आन गणमान्य लोकनि हुनक समाधि स्थल पर श्रद्धासुमन अर्पित कयलनि।

———————————————————————

बिहार राज्य प्रदूषण नियंत्रण पर्षद होलिका दहन मे लोक सभ सँ पुरान टायर, रबड़ प्लास्टिक, जड़ल मोबिल, थर्मोकोल आ आन कचरा नहि जरेबाक अपील कयलक अछि। पर्षद जनौलक जे ई सभ पदार्थ सँ वायु प्रदूषण मे वृद्धि होइत अछि। पर्षद एहि संबंध मे लोक सभ के जागरूक करबाक लेल पटना, गया, बेगूसराय, सीवान, बक्सर आ मुंगेर सहित एगारह जिला मे नुक्कड़ नाटकक सेहो आयोजन कयल जा रहल अछि।

————————————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय केन्द्र सरकार सँ सशस्त्र बल सभक कर्मी लोकनिक सेवानिवृत्तिक आयु आ सेवा शर्तक संबंध मे ब्रिटिशकालक मानदंड पर अड़ल नहि रहबाक लेल कहलक अछि। संगहि उच्च कुशल तटरक्षक अधिकारी सभक लेल मापदंडक समीक्षाक हेतु एक विशेषज्ञ समिति गठित करबाक सुझाव देलक अछि।

————————————————————————————

प्रदेशक सरकारी विद्यालय सभ मे पहिल सँ आठम कक्षा धरिक वार्षिक परीक्षा बारह मार्च सँ प्रारंभ होयत। एससीईआरटी परीक्षा कार्यक्रम जारी कऽ देलक अछि। परीक्षा उन्नैस मार्च धरि चलत।

————————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति इंटरक सैद्धांतिक परीक्षा मे पूछल गेल वस्तुनिष्ठ प्रश्नक उत्तरकुंजी जारी कऽ देलक अछि। परीक्षार्थी छओ मार्च सांझ पाँच बजे धरि समितिक वेबसाइट पर जाकऽ उत्तरकुंजी पर अपन आपत्ति दर्ज करबा सकैत छथि।

————————————————————————————

पर्यटन विभाग आ दरभंगा जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान मे आइ सँ दू दिवसीय मिथिला लोक उत्सव दू हजार पच्चीस–छब्बीसक आयोजन कयल जा रहल अछि। समारोह मे विभिन्न विधाक विशिष्ट कलाकार आ महानुभाव सभ के सम्मनित कयल जायत।

————————————————————————————

समाप्त भेल